

Pou Piblikasyon Imedya: 29/01/2019

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PATENARYA ANT LIDESTRI FOOD AND DRINK AK CROP'S N.V. NAN EASTMAN BUSINESS PARK**

***Konpayi pral fabrike manje-ki-prè-pou-konsome nan nouvo edifis ki gen 65,000 pye kare***

***Pwojè 51.3 milyon dola a pral kreye plis pase 120 nouvo travay; plizyè pòs pral ranpli ak moun povrete afekte***

***Investisman an ap Konplemanje Inisyativ “Finger Lakes Forward” lan – ki se Estrateji Global Rejyon an pou Revitalize Kominote yo ak Devlope Ekonomi an***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse patenarya a ant fabrikasyon pwodwi alimantè LiDestri Food and Drink ak Crop's N.V. nan Beljik nan Rochester. Ak sipò nan men Eta a, konpayi a siksè yo pral fòme yon nouvo konpayi ki pral fabrike manje-ki-prè-pou-konsome nan nouvo edifis ki gen 65,000 pye kare nan Eastman Business Park (EBP). Patenarya a pral mennen a kreyasyon 123 nouvo djòb a plen tan sou senk pwochen ane yo, epi y ap konsève 900 travay nan de lokal LiDestri nan rejyon Finger Lakes. Anplis de konstriksyon nouvo batiman an, pwojè 51.3 milyon dola a pral enkli tou adisyon liy fabrikasyon, yon ekstansyon ray ak renovasyon komodite.

“Lè nou envesti nan pwojè ak patenarya inovan n ap devlope endistri kle atravè eta a epi kreye plis travay pou Nouyòkè”, **Gouvènè Cuomo te deklare**. “Nouvo patenarya sa a pral kontinye souliye gwo resous agrikòl rejyon and epi konstwi sou efò plan Finger Lakes Forward ki kreye rejyon alman pou revitalize kominote ak jenere kwasans ekonomik atravè tout rejyon an.”

“Pwojè sa a pral nan yon fason konsiderab agrandi operasyon fabrikasyon LiDestri yo nan Eastman Business Park k ap grandi nan Rochester”, **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare, se li ki te anonse pwojè a nan Rochester kòm yon pati nan Sitiyasyon Eta a ak prezantasyon bidjè**. “Ak sipò eta a, nouvo batiman pral kontinye devlope endistri alimantè ak agrikòl epi kreye nouvo travay nan rejyon an. Investisman sa a se youn nan plizyè bò kote eta a ak konpayi prive pou asire Finger Lakes kontinye rete yon lidè nan endistri agrikòl la.”

Yo rann jiska 4 milyon dola nan pwojè sa a disponib atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò (Upstate Revitalization Initiative, URI) Finger Lakes Forward. Yo ka ofri tou yon lòt 4 milyon dola atravè Pwogram Kredi Enpo Eksèlsyò an (Excelsior Tax Credit Program) kòm echanj pou angajman nan kreyasyon travay. Sibvansyon kapital URI endike 1 milyon dola nan total 4 milyon dola sibvansyon an atache ak inisyativ anti-povrete rejyon an. Konpayi an pral gen pou l anplwaye 33 moun ki reponn ak

kondisyon elijiblite nan Inisyativ Anti-Povrete Rochester-Monroe (Rochester-Monroe Anti-Poverty Initiative).

LiDestri Food and Drink pwodwi sòs pou pat alimantè, tranpèt ak salsa. Konpayi a ofri tou sèvis mak prive pou sòs, tranpèt, lwil, vinèg, alkòl, ak pwodwi òganik. Oriyinalman, yo te fonde konpayi an 1975 sou non Cantisano Foods, Inc. Yo te chanje non konpayi an nan 2003 lè lafanmi LiDestri te achte l. Konpayi an gen de edifis fabrikasyon nan Konte Monroe (Fairport ak Greece-EBP). W ap jwenn plis enfòmasyon sou LiDestri disponib [isit la](#).

Crop's N.V.o fabrike ak distribye manje glase an Ewòp. Li ofri fri mono, fri miks, pire, frape, patisri ak bifè fri, ak fri ki wouj, jòn, agrim, ekzotik, forè, òganik, eksetera. Konpayi an ofri tou legim mono ak kwit nan vapè, legim sote, legim griye, ak pwodwi òganik. Yo te fonde konpayi an nan 1948 epi li baze nan Beljik. Konpayi a gen tou edifis nan Kosta Rika ak Chili. W ap jwenn plis enfòmasyon sou Crop's N.V. disponib [isit la](#).

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Howard Zemsky te di**, “Y ap revitalize Eastman Business Park atravè konpayi tankou LiDestri ak Crop's N.V., epi patenarya eksitan yo an se prèy konpayi a siksè ap reyalize benefis nan rete ak devlope nan rejyon Finger Lakes lan”.

**John C. LiDestri, Ko-Prezidan, LiDestri Food and Drink, te deklare**, “Nou eksite paske n ap pote yon pwodwi inovan ki sot nan men patnè ewopeyen nou yo ki non sèlman ofri travay bay fanmi men yon chwa inovan, sen e alamòd pou fanmi yo”.

**Prezidan Inivèsite Kominotè Monroe a (Monroe Community College), Anne Kress ak Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Chanm Komès Rejyon Metwopolitèn Rochester a (Greater Rochester Chamber of Commerce), Bob Duffy, ki se de Koprezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal nan Finger Lakes la (Finger Lakes Regional Economic Development Council) te di**, “Revitalizasyon Eastman Business Park ak asiste konpayi etabli tankou LiDestri ak Crop's N.V. se premye priyorite pou Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal nan Finger Lakes ak Inisyativ rejyon an ki se Finger Lakes Forward. Atravè efò sa yo n ap mete rejyon an sou bon chemen, ofri konpayi konfyans ak sipò yo bezwen pou agrandi ak devlope, kreye opòtinite ekonomik pou ane k ap vini yo”.

**Senatè Eta Joe Robach te di**, “LiDestri Food and Drink se yon katalizè pou transfòmasyon Eastman Business Park e li vin youn nan anplwayè k ap grandi pi vit nan rejyon nou an. Patenarya eksitan sa a pral pote plis travay ankò bay Eastman Business Park lan ki revitalize. Kòm yon manm nan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal nan Finger Lakes, mwen fyè pou m wè investisman eta a nan pwojè sa a ak dola enpo konsiderab k ap retounen antre nan kominote nou an”.

**Harry Bronson, ki se Manm Asanble, te deklare**, “Mwen aplodi John C. LiDestri ak ekip nan LiDestri Food and Drink ak Crop's N.V. nan Beljik pou angajman yo nan rejyon nou an. Anons konpayi an ak Gouvènè Cuomo fè jodi a montre ke zòn Rochester an gen yon mendèv ki fò, divèsifye ak kalifye, epi li nan yon pozisyon ekonomik pou kreye anpil djòb pou lavni. Mwen enpasyon pou kwasans LiDestri's ak adisyon nouvo travay nan kanpis Rochester yo an ki agrandi”.

**Egzekitif Konte Monroe a Cheryl Dinolfo te di**, “Pandan plizyè deseni, LiDestri Foods ap fabrike pwodwi alimantè bon kalite isit la menm nan Konte Monroe, ou ka jwenn nan plizyè plaka kizin nou yo. Konte Monroe kontan anpil pou li se yon patnè solidè pandan LiDestri ap agrandi anndan nouvo patenarya sa a epi kreye nouvo travay. Mwen ta renmen remèsye LiDestri pou angajman kontini yo pou agrandi antrepriz yo isit la epi ofri plizyè santèn travay bay rezidan lokal yo”.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Greater Rochester Enterprise la, Matt Hurlbutt, te di**, “LiDestri Foods rekonèt resous enpòtan ki disponib nan Rochester, NY pou sipòte plan kwasans rapid antrepriz yo an, sa enkli yon mendèv ki konpetan ak chèn lojistik pou pwodiksyon alimantè ki konplètman entegre. Anplis, sèvis piblik ki abòdab ak enfrastikti ki disponib nan Eastman Business Park te rann sa a kòm chwa entelijan pou ekspansyon antrepriz yo an”.

**Prezidan Eastman Business Park ak Direktè Finansye David Bullwinkle te deklare**, “Nouvo okipan nan Eastman Business Park kontinye kontribye a kwasans li. Ak prèske 110 konpayi k ap opere nan Pak la jodi an epi ak elan masif pou nouvo itilizatè, n ap travay pou nou pote plizyè lòt an 2019. Resous Eastman Business Park byen adapte pou tretman manje ak bwason, famasi byo ak fabrikasyon a woulo”.

Pwojè a konstwi sou siksè kontini Eastman Business Park nan Rochester. Eastman Business Park, espas kote Kodak te kòmanse ak manifakti papyè ak fim fotografik depi plis pase yon syèk de sa, te re-oryante pou asiste nan redinamize rejyon an. Jodi a, kanpis la ap sipòte prèske 110 konpayi, sa k ap anplwaye plis pase 6,000 moun. Anplis de LiDestri Food and Drink, konpayi tankou ON Semiconductor ak AIM Photonics, Kodak, DuPont, SiGNa Chemistry, Harris, Carestream, Columbia Care, Ortho Clinical Diagnostics, Love Beets, ak Acquest Development, tout se nan Eastman Business Park yo chita.

### **Akselasyon pwogram “Finger Lakes Forward”**

Anons jodi a vin konplete pwogram “Finger Lakes Forward”, ki se plan konplè rejyon an pou jenere kwasans ekonomik djanm ak devlopman kominotè. Eta a te investi deja plis pase 5.2 milya dola nan rejyon an depi ane 2012 la pou reyalize travay preparatwa pou plan – lè li investi nan endistri kle yo ki gen ladan yo fotonik, agrikilti ak pwodiksyon pwodwi alimantè, ansanm ak manifakti avanse. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi anvan Gwo Resesyon an; taks revni pèsonèl ak antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Rochester, Batavia ak Canandaigua kòm destinasyon pou devlope epi investi.

Kounye a, rejyon an ap akselere ak pwogram “Finger Lakes Forward” la ak yon investisman 500 milyon dola Eta a te fè atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a (Upstate Revitalization Initiative), ke Gouvènè Cuomo te anonse an Desanm 2015 lan. Investisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 8,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)